# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क सतवां अउर आखिरी फेरा के मतदान समाप्त भइला के बाद प्रदेस के सज्जों जिलन में मतगणना के लेके तैयारी तेज कइ दिहल गइल ह। जवन तेरह लोकसभा सीटिनि पर मतदान पूरा भइल, आजु उहवां के जिला निर्वाचन अधिकारी, रिटर्निगं अधिकारी अउर प्रेक्षक लोगिन मतगणना स्थल के निरीक्षण कइ के तैयारी जचला के साथे ओम्मेदवार, उनकर एजेंट अउर कई गो राजनीतिक दलन अउर पदाधिकारियन के साथे बैइठकी कइलें। येह दौरान अधिकारी लोगि उन्हें मतगणना के तैयारी के जानकारी देत बतवलें कि चार जून के भिन्नहीं ओम्मेदवार अउर उनकर एजेंट के मौजूदगी में स्ट्रांग रूम के सील तोड़ि के ईवीएम बाहर निकालल जाइ। भिन्नही आठ बजे से सबसे पहिले पोस्टल बैलेंट के ओटन के गिनती होखी एकरे बाद ईवीएम में पड़ल ओट के गिनल जाइ। उहां के बतवलीं कि एजेंट आपन दिहल गइल टेबल पर ही रहिए उन्हें येहर–ओहर जायेके छूट ना ह। एजेंट आपन साथे पेन, पेन्सिल अउर नोटपैड ला सकेलन। मोबाईल जइसन अउर कउनों भी तरीका के इलेक्ट्रानिक उपकरण क मतगणना स्थल पर मनाही होखी।

**********

प्रदेश के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आपन गृह जनपद गोरखपुर में प्रवास के दौरान आजु शहीद अशफाख उल्ला खां प्राणी उद्ययान का भ्रमण अउर निरीक्षण कइलें। येह दौरान उहां के चिड़ियाघर में करीब एक हफ्ता पहिले इटावा लायन सफारी से लाइल गइल पांचि बरिस के बब्बर शेर भरत अउर सात बरिस के शेरनी गौरी के भी देखलं। निरीक्षण के दौरान मुख्यमंत्री उहां के गैंडन के जोडी हरी अउर गौरी के केला खिलवलें अउर बाकी जानवरन के अवलोकन कइ के चिड़ियाघर के अधिकारियन के उनकर सज्जों देखभाल के निर्देश दिहलं। एकरे पहिले मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नहीं गुरू गोरक्षनाथ के दरसन पूजन के बादे गोरखनाथ मंदिर परिसरों के निरीक्षणों कइलें अउर सरधालुअन से जुड़ल सुविधा अउर उनकर सुरक्षा के संबंध में मंदिर के करमचारियन से चर्चो कइलें। उहां के निर्देश दिहलें कि दरसन खातिर आवे वाले सरधालुअन के सुविधा के पूरहर ध्यान रखल जाव।

**********

लोकसभा चुनाव के सतवां अउर आखिरी फेरा के काल्ही मतदान समाप्त होखला के बाद आजु अजोध्या पहुंचल केन्द्रीय उर्जा मंत्री आर के सिंह रामलला के दरसन पूजन कर असीरबाद लिहलें। एकरे पहिले उहां के सर्किट हाउस में पत्रकारन से बातचीत कर एग्जिट पोल के लेके आईएनडीआई गठबंधन पर जमकर निसाना सधलें। श्री सिंह कहलें कि एग्जिट पोल जइसहीं सामने आइ विपक्ष के लोगिन के आवाज धीमा हो जाइ। उहां के दावां कइलीं कि एग्जिट पोल के अनुमाने से जियादा ही सीट एनडीए के मिली। उहां के कहलीं कि पांच जून के बाद ई गठबंधन कहीं ना रही। एगो सवाल के जवाब में श्री सिंह कहलें कि उत्तर प्रदेस में जितनों बिजली के जरूरत हौ ऊ दिहल जा रहल हौ। जरूरत पड़ला पर अउर बिजली दिहल जाइ।

**********

काल्ही देर रात से लेके आजु भिन्नही प्रदेस के कई जिलन में तेज बयारी के साथे बूंदाबादी से आम लोगिन के कई दिन से चलि रहल भीषण गरमी से काफी राहत मिलल। गोरखपुर, देवरिया, संतकबीर नगर, महराजगंज, जइसन पूर्वांचल के कुछु जिलन में भिन्नहीं बरखा भइला के बादि मौसम साफ हो गइल अउर घाम भी भइल लेकिन ओहमें जियादा तपिस नाही महसूस कइल गइल। मौसम विभाग के मोताबिक अगिला दुई दिन्न ले प्रदेस के कई जिलन में रहि–रहि के बदरी छाइ अउर कुछ जिलन मे तेज बयारी के साथे हलुक बरखा भइला क उम्मीद ह।

ओहर काल्ही दोपहर ले प्रदेस में भीषण गरमी अउर लूह के सिलसिला जारी रहल। कई जिलन में जियादा तापमान पैंतालीस डिग्री सेल्सियस के आस पास पहुंच गइल। बीतल चौबीस घंटा में जियादा तापमान अड़तालीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस कानपुर में रिकॉर्ड भइल ह। ओहीं मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ भीषण गरमी अउर लूह के देखत के राहत कार में अउर तेजी लावे के निरदेस दिहले हवे। उहां के कहलीं कि येहमें लापरवाही बरते वाला अधिकारियन के विरूद्ध कठोर कारवाही कइल जाइ। श्री योगी संवेदनसील जिलन में विशेष निगरानी के साथे चौबीस घंटा में पीड़ितन के मोआवजा दिलवले के निर्देस दिहले हवे। मुख्यमंत्री कहलें कि लूह से जन हानि अउर पसु हानि नाही होखे के चाही। एकरे खातिर विशेस निगरानी कइल जाइ।

**********